

RINGKESAN

**NGUNDHAKAKE KAWASISAN WAWANCARA
BASA JAWA KANTHI “*METODE BERMAIN PERAN*” MARANG SISWA
KLAS VIII A SMPN 1 PUCANGLABAN, KABUPATEN TULUNGAGUNG
TAHUN PAMULANGAN 2015/2016**



dening

HERI SUKAMTO

NIM. 130 20114088

S1 PENDIDIKAN BAHASA DAN SATRA DHAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

2015

Heri Sukamto, Dr Murdiyanto, M .Hum

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Herisukamto@gmail.com

Sajrone pamulangan basa Jawa mligine katrampilan micara basa Jawa ing kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban Tulungagung nuduhake asil kang endhek. Bab iki bisa dituduhake saka asil sinau siswa kang isih ana ing ngisore KKM. Basa kang digunakake siswa ora trep karo unggah-ungguh basa kang ana. Anane siswa ora bisa lan ora kenal basa kasebut akeh kang njalari. Bab kasebut antarane anane perkembangan teknologi kang tansaya cepet. Anane sawernane media kang gampang ditemoni dening sapa wae ing endi wae lumantar teknologi *gadget* kang lagi rame ing jaman saiki. Saliyane iku, saka faktor lingkungan keluarga. Siswa kurang nduweni motivasi kanggo sinau wicara Jawa, amarga siswa kurang mangerteni ngenani pamulangan utawa basa kang kudu digunakake. Saliyane iku, metode pamulangan kang ditindakake ing sekolahan isih nggunakake metode konvensional kang isih nengene nyathet lan ngrungokake saengga siswa rumangsa waleh. Kanthi anane bab kasebut pamulangan kanthi pendekatan kontekstual diajab bisa nuwuhake semangat lan motivasi sinau tumrap siswa. Pendekatan kontekstual kanthi metode *bermain peran* perlu digunakake sajrone ngundhakake kawasisan wicara basa Jawa tumrap siswa.

Underane panliten iki yaiku (1) kepriye undhak-undhake keaktifan siswa kanthi migunakake *metode bermain peran*; (2) kepriye undhak-undhake keaktifan guru kanthi migunakake *metode bermain peran*; (3) kepriye undhak-undhake asil pasinaon siswa kanthi migunakake *metode bermain peran*. Salaras karo underan panliten, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake undhak-undhake keaktifan siswa kanthi migunakake *metode bermain peran*; (2) ngandharake undhak-undhake keaktifan guru kanthi migunakake *metode bermain peran*; (3) ngandharake undhak-undhake asil pasinaon siswa kanthi migunakake *metode bermain peran*.

Asil saka panliten iki nuduhake yen metode *bermain peran* bisa ngundhakake kawasisan wawan rembug basa Jawa siswa. Wiwit saka aktivitas siswa, guru, lan asil sinau siswa kang ngalami undhak-undhakan. Aktivitas siswa sajrone pamulangan wawan rembug basa Jawa siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban nuduhake anane undhak-undhakan sawise ditindakake metode *bermain peran*. Ing siklus 1 prosentase kang diolehake 57,5%, kang kalebu kriteria kurang banget, banjur ing siklus 2 iki nuduhake undhak-undhakan, yaiku kanti prosentase 75%, kang kalebu kriteria cukup.

Tembung kunci: wawan rembug, unggah-ungguh basa, *bermain peran*

Landhesane Panliten

Ing pamulangan basa iku ana patang kawasisan kang kudu disinaoni, yaiku kawasisan ngrungokake, micara, maca, lan nulis. Kabeh kawasisan kasebut ora bisa dipisah-pisahake amarga nduweni gandheng ceneng kang gegayutan. Micara minangka kawasisan tingkat kaloro. Kawasisan iki bisa diolehake sawise ngrungokake, kulinane ditindakake kanthi nirokake apa kang dirungu. Saliyane disinau ing omah utawa kulawarga kawasisan iki uga disinau ing sekolahan. Salah sijine micara basa Jawa kang disinau ing pamulangan basa Jawa.

Sajrone pamulangan basa Jawa mligine kawasisan micara basa Jawa ing klas VIII A SMPN 1 Pucanglaban Tulungagung nuduhake

asil kang endhek. Bab iki bisa dituduhake saka asil sinau siswa kang isih ana ing ngisore KKM yaiku 60. Saliyane iku uga basa kang digunakake siswa nalika micara utawa pacelathon karo kanca utawa gurune. Basa kang digunakake siswa ora trep karo unggah-ungguh basa kang ana. Siswa kadhangkala nggunakake krama inggil kanggo dheweke dhewe, dene kanggo wong liya (guru) malah nggunakake krama. Bab iki ora salaras karo unggah-ungguh wong Jawa kang tansah ngajeni marang wong liya, mligine wong kang luwih tuwa.

Anane siswa ora bisa lan ora kenal basa kasebut akeh kang njalari. Bab kasebut antarane anane perkembangan teknologi kang tansaya cepet. Anane sawernane media kang gampang ditemoni dening sapa wae ing endi wae lumantar teknologi *gadget* kang lagi rame ing

jaman saiki. Saliyane iku, saka faktor lingkungan keluarga. Akeh kaluwarga-kaluwarga enom kang luwih milih *gaya hidup* modern, kang luwih nengnake basa Indonesia tinimbang basa Jawa tumrap anake. Saka faktor siswane dhewe, siswa nduweni pamikiran yen basa Jawa iku kalebu basa kang kuno lan ora moderen.

Siswa kurang nduweni motivasi kanggo sinau wicara Jawa, amarga siswa kurang mangerteni ngenani pamulangan utawa basa kang kudu digunakake. Saliyane iku, metode pamulangan kang ditindakake ing sekolahan isih nggunakake metode konvensional kang isih nengnake nyathet lan ngrungokake saengga siswa rumangsa waleh.

Sistem pamulangan konvensional kang isih fokus marang buku paket, LKS lan guru nuwuhake *kejenuhan* tumrap siswa. Kanthi anane bab kasebut pamulangan kanthi pendekatan kontekstual diajab bisa nuwuhake semangat lan motivasi sinau tumrap siswa. Pendekatan kontekstual kanthi metode *bermain peran* perlu digunakake sajrone ngundhakake kawasisan wicara basa Jawa tumrap siswa. Kanthi metode iki diajab siswa bisa blajar lan nintingi ragam basa Jawa lan panggunaane sajrone komunikasi padinan.

Wicara minangka sawijine kawasisan nuturake swara basa sajrone medharake pesen, utawa ide, gagasan, lan karep menyang wong liya. Kawasisan wicara iki pancen angel disinaoni amarga mbutuhake mental kanggo micara ing ngarepe wong liya. Sajrone ngundhakake kawasisan wicara basa Jawa tumrap siswa, pendekatan kontekstual kanthi metode bermain peran minangka cara kang dipilih. Pendekatan kontekstual kanthi metode bermain peran bisa mbiyantu guru sajrone nggayutake kahanan ing panguripan karo materi pamulangan. Kanthi cara iki siswa bisa luwih mangerteni lan nampa materi lan kawruh kang diparingne guru.

Adhedhasar apa kang wis diandharake ing ndhuwur, mula panliti bakal nindakake panliten kanthi irah-irahan “Ngundhakake Kawasisan Wawan Rembug Basa Jawa kanthi *Metode Bermain Peran* marang Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban, Kabupaten Tulungagung”. Kanthi asil panliten iki diajab bisa didadekake tetimbangan tumrap para guru kanggo nindakake pamulangan kang luwih inovatif.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, kang dadi underane panliten, yaiku:

- A. Kepriye undhak-undhake keaktifan siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban, Tulungagung sajrone wawan rembug basa Jawa kanthi migunakake “*metode bermain peran*”?
- B. Kepriye undhak-undhake keaktifan guru kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban, Tulungagung sajrone wawan rembug basa Jawa kanthi migunakake “*metode bermain peran*”?
- C. Kepriye undhak-undhake asil pasinaon keaktifan siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban, Tulungagung sajrone wawan rembug basa Jawa kanthi migunakake “*metode bermain peran*”?

Paedahe Panliten

Adhedhasar tujuwan panliten kasebut diolahake paedah saka panliten iki, yaiku:

- A. Paedah kanggo siswa, yaiku bisa ndandekake siswa luwih ngregani budaya Jawa, lan bisa nggunakake basa Jawa ing padinan kanthi trep.
- B. Paedah kanggo guru, bisa didadekake acuan sajrone ngundhakake kreativitas lan inovasi sajrone nindakake pamulangan, saengga proses pamulangan bisa lumaku kanthi nyenengake lan lancar.
- C. Paedah kanggo sekolah, asil panliten iki bisa digunakake minangka masukan positif kanggo sekolah supaya luwih maju.
- D. Paedah kanggo panliti, bisa oleh pengalaman ngenani panliten ing bidhang pamulangan wicara kanthi pendekatan kontekstual lumantar metode bermain peran.

Wewatesane Tetembungan

Wewatesan tetembungan ing panliten iki dikarepake bisa nyingkiri salah panampa anggane negesi tetembung sajrone judhul panliten. Mula saka kuwi wewatesane tetembungan ing panliten iki, yaiku:

- A. Kawasisan wicara, yaiku kawasisan sajrone nuturake bunyi-bunyi basa kanggo medharake ide, pamawas, tujuwan utawa rasa pangrasa tumrap wong liya.
- B. Wawan rembug, yaiku sawijining kagiyatan takon lan mangsuli (wicara) kang nduweni tujuwan kanggo ngolehake sawijine dhata kanggo kaperluwan tartamtu.
- C. Pendekatan kontekstual, yaiku sawijine pendekatan pamulangan kang luwih

nengenake sajrone proses aktivitas siswa kanggo nemokake materi kang disinaoni lan nggayutake karo panguripan nyata ing kiwa tengene.

- D. Metode bermain peran, yaiku metode kanggo nampilake peran utawa tokoh kang anaing kanyatan sajrone sawijining pertunjukan peran ing klas VIII A utawa sapatemon.

Pemodelan, yaiku proses pamulangan kanthi meragakake samubarang utawa tumindak minangka tuladha supaya bisa ditirokake dening siswa klas VIII A.

Kawasisan Wicara

Komunikasi kang kedaden nelika urip bebrayan ora bisa uwal saka basa. Supaya bisa komunikasi kanthi apik, diperlokake anane kawasisan basa. Ing basa ana 4 aspek, yaiku kawasisan wicara, kawasisan nyemak, nulis, lan maca (Mulyati, 2009:13). Wicara yaiku sawijining kawasisan basa kang ngrembaka nalika isih bocah, kang didhisiki kanthi kawasisan nyemak, lan sawise iku kawasisan wicara bisa disinaoni (Tarigan, 2008:3). Kagiyan wicara digunakake sajrone hubungan sosial minangka layanan ing bebrayan. Sajrone proses sinau basa ing sekolahan, bocah-bocah wis antuk ungkapan kanggo ngaturake pesan kanthi lengkap nanging isih durung sampurna. Saya suwe kemampuan kasebut sansaya sampurna (Rof'uddin, 2001:7)

Tujuwan Kawasisan Wicara

Tujuwan utama pasinaon wicara ing bangku sekolah yaiku kanggo nglatih siswa murih trampil anggone wicara. Kanggo nggayuh tujuwan kasebut, guru nggunakake bahan pasinaon maca utawa nulis, kosakata, lan sastra, minangka bahan pasinaon wicara. Upamane dikon nyritakake pengalaman pribadhi, nyritakake crita kang nate dirungokake, lan mangsuli pitakonan manut wacan, main peran, lan pidato (Santosa, 2007:38).

Kawasisan wicara siswa kang becik didhisiki kanthi kawasisan nyemak. Wicara lan nyemak iku rong jinis kawasisan kang produktif resetif (Mulyati, 2009:118). Kawasisan wicara kang sifate produktif bakal mbentuk kanthi baik menawa kawasisan nyemak sifate reseptif dikuwasani siswa kanthi optimal.

Kawasisan Wicara Ragam Krama Alus

Miturut aliran komunikatif lan pragmatik, kawasisan wicara lan kawasisan nyemak gayutan raket tenan. Interaksi lisan ditandhani kanthi rutinitas informasi. Ciri liyane

yaiku diperloakake wong kang wicara ngasosiasekake makna, ngatur interaksim sapa sing kudu matur, marang sapa, kapan, lan ngenani apa. Kawasisan wicara syarate ana pemahaman minimal saka pambicara jrone wujud ukara. Proses pasinaon bakal luwih gampang yen peserta didik melu aktif komunikasi (Iskandarwassid, 2008:239).

Kemampuan tingkat tutur basa Jawa ragam krama yaiku cara ngundhakake kemampuan nggunakake tingkat tutur basa Jawa krama kanthi tembung-tembung pangurmatan kanggo ngormati wong sing luwih dhuwur status sosiale utawa wong sing luwih tuwa (Jatmiko jrone Rohmadi, 2011:268).

Adhedhasar rong panemu kasebut bisa dijupuk dudutan menawa kawasisan wicara basa krama didhisiki kanthi proses nyemak. Nalika pawongan wis kasil nglakoni proses nyemak kanthi apik mula kemampuan wicarane bakal apik manut kaidah kang ana. Yen basa Jawa ngenal anane tingkat tutur anggone wicara, mula kemampuan nyemak basa Jawa ragam krama bakal dikuwasani dhisik.

Pamulangan Wicara

Ngenani pamulangan wicara lan kang gegayutan karo wicara diandharake ing ngisor iki:

Metode Pamulangan Wicara

Sajrone pamulangan wicara nduweni komponen andharan kang tumuju marang segi metode pamulangan. Guru kudu bisa mulangake kawasisan wicara kanthi narik kawigaten lan nduweni variasi. Miturut Tarigan (1987:106) ana 4 metode pamulangan wicara, antarane yaiku:

Pacelathon

Pacelathon yaiku kagiyan wicara kang ditindakake dening wong loro utawa luwih kanthi tujuwan ijol informasi utawa pamikiran ngenani sawijining topik (Greene lan Petty sajrone Tarigan (1987:106)). Pacelathon iku dumadi saka rong proses yaiku nyemak lan wicara. Pacelathon minangka kawasisan dhasar wicara kanggosakabehe manungsa.

Telpon

Miturut Tarigan (1987:24) telpon minangka alat komunikasi kang wis sumrambah ing kabeh kalangan. Nindakake telepon iki nuntut syarat-syarat tartamtu, antarane: micara kanthi cetha, singkat lan lugas. Metode telpon iki bisa digunakake minangka metode sajrone pamulangan wicara. Lumantar metode iki dikarepake siswa bisa nindakake wicara kanthi

cetha, cekak lan lugas. Siswa kudu bisa nggunakake wektu kanthi *efisien*.

Wawancara utawa wawan rembug

Miturut Tarigan (1987:126) wawancara iku kerep digunakake sajrone urip padinan, tuladhane dening para wartawan kanggo ngolehake informasi paling anyar. Wawancara iki bisa digunakake minangka cara sajrone kagiyatan pamulangan wicara.

Diskusi

Diskusi kerep digunakake kanggo sawijine kagiyatan pamulangan ing klas. Diskusi bisa nglatih siswa lan ngrembakake kawasisan wicara lan nglatih siswa kanggo nemokake cara kanggo mrantasi sawijine perkara. Miturut Kim Hoa Nio sajrone Tarigan (1987:128) diskusi minangka proses interaksi verbal lan langung antarane wong loro utawa luwih kanthi cara ijol informasi kanggo mrantasi sawijine perkara.

Faktor Panyengkuyung Kaefektivan Wicara

Wicara yaiku sawijine kagiyatan komunikasi antarane wong loro utawa luwih kanthi nggunakake basa lisan. Miturut Mairdar lan Mukti (1993:18) sajrone wicara iku ana saperangan bab kang nyengkuyung kaefektivan wicara. Faktor kasebut yaiku:

Faktor kebahasaan

Kang kalebu ing faktor iki yaiku:

- (a) Trep orane anggone nuturake, sajrone nuturake swara kudu trep, semono uga anggone manggonake intonasi, durai, nada kudu trep.
- (b) Pamilihan tembung kudu cetha, trep lan variasi saengga bisa narik kawigaten kang nyemak
- (c) Sasaran pamicara, panggunane ukara iku bisa ndadekake pamireng luwih gampang kanggo nampa apa kang diwicarakake dening pamicara.

Faktor non kebahasaan

- (a) Sikap kang luwes
- (b) ngregani pamawase liyan
- (c) Panampane pamireng
- (d) Mimik lan intonasi kang trep
- (e) Swara kang cetha
- (f) Lancar anggone micara
- (g) Nguwasani topik kang dadi topik wicara

Penilaian Kawasisan Wicara

Saben kagiyatan pamulangan iku mbutuhake sawijine pambiji utawa penilaian kanggo ngukur tingkat keberhasilane. Proses penilaian bisa ditindakake kanthi tes. Tes minangka alat kang bisa digunakake kanggo ngukur utawa meruhi teka ngendi siswa bisa

mangerteni proses pamulangan. Cara kang bisa digunakake kanggo ngukur tingkat kawasisan siswa sajrone pamulangan wicara yaiku tes kawasisan wicara. Tes katrampilan iki bisa ditindakake kanthi menehi kalodhangan menyang siswa kanggo micara lumantar praktik micara.

Penilaian sajrone kawasisan iki ditemtokake dening 2 faktor, yaiku faktor kabasan lan non kabasan (Nurgiantoro, 1995:152). Penilaian saka faktor kabasan yaiku (1) pocapan, (2) tata basa, (3) kosa kata, dening penilaian faktor non kabasan antarane (1) katenangan, (2) volume swara, (3) Kalancaran, (4) pemahaman.

Prinsip Pamulangan Wicara

Sajrone pamulangan wicara perlu nggatekake prinsip sinau wicara kang dipratelakake dening H. Douglas Brown, yaiku:

A. Gaya hidup (*Life style*)

Gaya hidup iki minangka pakulinan kang ditindakake dening pawongan. Yen siswa pengin sinau basa Jawa kanthi efektif, siwa kudu ngulinakake nggunakake basa Jawa sajrone saben kagiyatan ing padinan.

B. Kemauan (*Total komitmen*)

Kemauan kanggo ndadekake basa Jawa minangka peranan kang ora pinisahake saka panguripan saben dina. Siswa kudu nduweni komitmen kanggo nggunakake basa Jawa sajrone panguripan kanthi fisik, mental, lan emosional.

C. Mencoba / berlatih (*Trying*)

Sajrone sinau luput iku minangka bab kang lumrah, sing wigati meruhi panggonan lupute lan ndandani ing sabanjure. Ing kene siswa ora usah wedi yen nindakake kaluputan amarga saka luput kasebut siswa bisa meruhi kang bener.

D. Pamulangan ing klas (*Beyond class*)

Pamulangan basa iki bisa ditindakake ing klas lan ing njabane klas. Yen amung nggunakake wektu pamulangan ing klas mesthi kurang kanggo ngulinakake siswa wicara basa Jawa, mula pamulangan ing njaban klas perlu ditindakake. Bab iki bisa ditindakake kanthi nggunakake basa Jawa sajrone komunikasi karo kanca utawa wong tuwa, guru, lsp.

Strategi bisa dikembangake lan diselarasake karo kapribaden lan gaya sinau saben siswa. Tuladhane, sinau wicara Jawa kanthi bermain peran utawa pacelathon kang

bisa ngemot takon, nyemak, ndandani pocapan lan ngundhakake kosa kata siswa.

Hakikat Basa Jawa

Basa Jawa iku kagolong basa Austronesia, yakuwi basa-basa sing dianggo sawarna-warnane bangsa pribumi ing kapuloan sakidul-wetaning bawana Asia. Basa Jawa kasebar wiwit pucuk kulon pulo Jawa, Banten nganti pucuk wetan Banyuwangi dening kurang luwih 80 yuta panutur ibu. Kajaba iku, basa iku kasebar ing Indonesia saka Sumatra nganti Papua, Timor Wetan, Malaysia, Singapura, Taiwan, Hong Kong, Walanda, Suriname, Curaçao, lan ing Kaledonia Anyar.

Basa Jawa dadi salah sijine panyumbang sing gedhe dhewe kanggo panuwuhane basa Indonesia. Sanadyan dudu basa resmi ing pamarentahan, basa Jawa nduwe pangaruh luwih akeh tinimbang basa-basa dhaerah liyane kayata ing kosakata, lan istilah-istilah sing kadhangkala nganggo tembung Jawa.

Basa Jawa iku bageyan saka *sub-cabang Sundik* saka rumpun basa Melayu-Polinesia Kulon saka pang basa Melayu-Polinesia sing gilirane anggota basa Austronesia. Basa Jawa isih sedulur cedhak basa Melayu, basa Sundha, basa Madura, basa Bali, lan uga basa-basa ing pulo Sumatra sarta Kalimantan.

Basa Jawa dipigunakake ing Jawa Tengah, Jawa Wetan lan uga pesisir lor Jawa Kulon. Banjur ing Madura, Bali, Lombok lan Tatar Sundha ing Jawa Kulon, basa Jawa uga ditrapake dadi basa sastra. Basa Jawa uga basa dalem ing keraton Palembang, Sumatra Kidul sadurunge keraton iki dibedhah wong Walanda ing wusananing abad kaping 18.

Tingkat Tutur Basa Jawa

Miturut Andayani (Rohmadi, 2011:84) tingkat tutur basa Jawa yaiku aturan kang digunakake dening sing ngucapake basa Jawa kanthi tujuan kanggo njaga rasa pangurmatan marang lawan tutur. Pernyataan kang padha ngregani lan ngormati marang wong liya katon nalika (1) sikap sarta tingkah laku, (2) tutur basa kang ndudohake pamilihan tembung (3) wujud ukara lan lagune.

Gegayutan karo bab unggah-ungguh basa Jawa iki, mula bisa diarani ana tingkat tutur jrone unggah-ungguh basa Jawa lan panggunaane ragam unggah-ungguh dening masyarakat. Unggah-ungguh jrone basa Jawa

nandakake rong bab sing gegayutan, yaiku (1) penanda lingual, (2) faktor penentu nonlingual (Andayani jrone Rohmadi, 2011:86). Penanda lingual arupa variasi basa, ngisyratake basa kang heterogen, dene faktor penentu non lingual arupa anggepan reaksi saka wong kang dijak wicara.

Miturut Sasangka (2005:17) unggah-ungguh basa Jawa dumadi saka ragam ngoko lan ragam krama. Kaloro ragam kasebut nduweni variasi, yaiku ngoko lugu lan ngoko alus, sarta krama lugu lan krama alus. Bentuk madya kang biasane disebut krama madya klebu krama lugu. Ing ngisor iki jlentrehane.

Ragam Basa

Basa iku nduweni ragam kang beda-beda, semono uga basa Jawa uga nduweni ragam dhewe. Ragam basa Jawa diandharake ing ngisor iki.

Ragam Ngoko

Ragam ngoko yaiku wujud unggah-ungguh basa Jawa kang intine leksikon ngoko, utawa kang dadi inti ragam ngoko dudu leksikon liyane. Ragam ngoko nduwe bentuk rong varian, yaiku ngoko lugu lan ngoko alus. Dene luwih cethane kaya ngisor iki:

- (1) Ngoko lugu yaiku bentuk unggah-ungguh basa Jawa kang kabeh kosakataane bentuke ngoko lan netral, tanpa ana leksikon krama, krama alus, utawa krama andhap. Embuh iku kanggo kanggo persona sepisan, persona kapindho, utawa persona katelu.
- (2) Ngoko alus yaiku bentuk unggah-ungguh kang njerone ora amung saka leksikon ngoko lan netral wae, nanging uga ana leksikon krama alus, krama andhap, lan krama. leksikon krama alus, krama andhap, lan krama kang ana ing ragam iki sejatine amung digunakake kanggo ngormati mitra wicara, embuh kanggo wong kang diajak guneman utawa wong kang diomongake.

Ragam Krama

Ragam krama yaiku bentuk unggah-ungguh basa Jawa kang inti leksikone krama, utawa dadi unsur inti ing ragam krama yaiku leksikon krama dudu liyane. Ragam krama nduweni rong wujud varian, yaiku krama lugu

lan krama alus, kang bakal diandharake ing ngisor iki:

- (1) Krama Lugu yaiku sawijine ragam krama kang kosakatane dumadi saka leksikon krama, madya, netral, utawa ngoko lan bisa ditambah kanthi leksikon krama alus utawa krama andhap. Leksikon krama alus utawa krama andhap kang mucul jrone ragam iki mung digunakake kanggo ngormati lawan tutur. Reagam krama lugu bisa dianggep bentuk ragam kang kadar aluse paling endhek.
- (2) Krama alus yaiku bentuk unggah-ungguh basa Jawa kang kabeh kosakatane dumadi saka leksikon krama lan bisa ditambah karo krama alus lan krama andhap. Nanging senajan ngono, kang dadi leksikon bentuke krama. Muncule leksikon krama alus lan krama andhap kanthi cara konsisten mesthi digunakake kanggo ngormati lawan tutur. Leksikon madya lan leksikon ngoko ora tau muncul jrone ragam iki. Kanthi semantis ragam krama alus bisa diidentifikasi minangka sawijine bentuk ragam krama kang kadar aluse dhuwur.

Unggah-ungguh basa pancen rumit, senajan ta asline amung loro, yaiku ngoko lan krama, nanging ing njerone akeh banget variasi (Poerwadarminto sajrone Setiawan, 2010:2).

Panggunane Ragam Basa

Ragam basa Jawa kang wis diandharake ing ndhuwur iku nduweni guna dhewe-dhewe miturut unggah-ungguhe. Saben ragam basa nduweni panggonan dhewe-dhewe ora bisa dicampur dadi siji. Krama iku basa kang nduweni surasa luwih alus tinimbang ngoko. Ngoko ana loro yaiku ngoko lugu lan ngoko alus, ngoko iki kulina digunakake dening wong kang wis akrab, luwih tuwa marang luwih enom utawa saumuran.

Penganggane ngoko kasebut uga ora padha. Ngoko lugu iku kanggo wong tuwa marang wong enom utawa sapepadha. Tuladhane atasan menyang andhahan, wong tuwa menyang putrane, mbah menyang putune, marang kanca, mas utawa mbak marang adhine lan sapanunggalane. Dene ngoko alus digunakake dening wong kang wis akrab ning kalungguhan utawa jabatane ora padha. Ngoko alus kulina digunakake dening wong tuwa marang wong kang luwih enom nanging nduweni jabatan kang luwih dhuwur, bisa uga digunakake dening adhi marang kakange.

Sabanjure, ragam krama yaiku bentuk unggah-ungguh basa Jawa kang intine

nggunakake krama, utawa kang dadi unsur inti ing njero ragam krama yaiku leksikon krama dudu leksikon liyane. Afiks kang muncul ing ragam iki ya dumadi saka krama. ragam krama digunakake dening wong kang padha durung kenal lan akrab, utawa saka status endhek menyang status kang dhuwur. Ragam krama ana loro yaiku krama lugu lan krama alus.

Basa Jawa krama alus ana gayutane karo apresiasi lan status sosial kang cedhak banget karo etika sopan santun. Ing umume krama alus digunakake dening ngisoran marang atasan, bocah marang wong tuwane, lan murid marang gurune. Ironing cecaturan saben dina, kabukti krama inggil nggawe suwasana katon harmonis. Kanthi basa Jawa alus, tegese wis bisa miwiti tata krama. Saben pihak bisa kajaga atine, lan emosi bisa diempet (Setiyanto, 2010:18)

Komunikasi wong Jawa ing urip bebrayan banget anggone nggatekake unggah-ungguh basa. Kapribadhen wong dicitrakake jrone kemampuan basane. Panggunaane basa kang tepat bakal nuwuhake sikap urmat. Pilihan tembung kang bener nyebabake kabeh urusan dadi lancar. Luwih-luwih panggunaane krama inggil.

Wawan Rembug

Nindakake wawan rembug manawa kita ndeleng televise utawa ngrungokake radio asring kita prangguli ing sawijining acara kang nayangake wawancara. Ing wawancara kasebut ana narasumber minangka pawongan kang nduweni kaluwihan ing babagan tertamtu, jumbuh karo tema kang diangkat ing acara kasebut. Lan uga ana pawongan kang duwe jebibahan nakokake ngenani aapa bae kang ana gegayutane karo tema kang diangkat. Sadurunge nganakake wawancara luwih dhisik nyiapake pitakon kang ana gegayutane karo tema lan keahliane narasumber. Pitakonan kasebut kudu runtut, supaya wong kang ndeleng utawa ngrungokake bisaa mangerteni alur lan surasane wawancara. Saliyane iku babagan kang perlu digatekake ing wawancara yaiku apa kang bakal dirembug, sapa sing diajak lan sing diajak wawan rembug, tujuane wawancara, lan asil kang dikaarepake ing wawancara kasebut. Tata urutane wawancara yaiku:

- 1) Nemtokake narasumber kang nduweni keahlian utawi kaluwihan ngenani tema kang diangkat,
- 2) Nemtokake tujuan (wawancara),
- 3) Nyuwun pitakon kang runtut salaras karo tema,

- 4) Nindakake wawancara kang migatekake unggah-ungguhing basa. Sadurunge nindakake wawancara mula antarane narasumber lan pawongan kang ngajokake pitakon kudu ana kasepakatan wektu lan papan kanggo wawancara,
- 5) Nyathet utawa ngrekam asil wawancara,
- 6) Gawe palapuran ngenani asil wawancara.

Sajrone nindakake wawan rembug, kudu nggatekake unggah-ungguh, yaiku:

- 1) Sakdurunge wawancara kudu nemtokake wektu lan papan kang disepakaati dening narasumber.
- 2) Wawancara diwiwiti kanthi salam,
- 3) Pitakon kudu sopan, aja nyinggung perasaane narasumber,
- 4) Wawancara ditutup kanthi ngaturake atur panuwun lan uluk salam.

Metode Bermain Peran

Metode pasinaon bermain peran yaiku cara nguwasani bahan-bahan pasinaon lumantar pangembangn imajinasi lan menghayati siswa (Hamdani, 2011:87). Pangembangan imajinasi lan penghayatan kang dilakoni dening siswa kanthi meranake tokoh urip utawa barang mati. Dolanan iki umume dilakoni luwih saka sabocah, gumantung apa kang diperanake.

Panemu kang padha uga diungkapake oleh Sudjana (2005:62) menawa metode Bermain peran yaiku sawijine panguwasan bahan-bahan pasinaon lumantar pangembangan imajinasi lan penghayatan siswa. Dene miturut Zaini (2008:98) Bermain peran yaiku aktivitas pasinaon kang wis terencana kang dirancang kanggo nggayuh tujuan-tujuan pendidikan kang spesifik.

Adhedhasar panemu kasebut bisa diarani menawa Bermain peran iku awujud metode pasinaon kang menahi ruang kanggo siswa supaya dadi partisipan aktif nalika meranake sawijine masalah kang ana ing pasinaon sekolah. Lumantar drama kang diperanake, siswa bakal weruh cara apa sing bakal digunakake kanggo mrantasi masalah.

Kaluwihane Metode Pasinaon Bermain Peran

Kaya panemune Hamdani (2011:87) metode Bermain peran nduweni kaluwihan:

- (1) Siswa bebas njupuk keputusan lan ekspresi kanthi apik.
- (2) Permainan iku gampang lan bisa digunakake ing wektu kang beda.
- (3) Guru bisa ngevaluasi pemahaman saben siswa lumantar pengamatan nalika nglakoni permainan.

- (4) Permainan iku pengalaman sinau kang nyenengake tumrape siswa.

Tujuan Bermain Peran

Metode bermain peran nduweni tujuan kanggo mbiyantu siswa nemokake jati diri ing bebrayan lan mrantasi masalah kanthi klompok. Tegese lumantar metode iki siswa sinau nggunakake konsep peran, nyadhari anane peran kang maneka. Mragakake peran dadi wong liya. Prosen dolanan peran iki bisa aweh tuladha prilaku manungsa.

Metode bermain peran bisa mbuktekake menawa bisa dadi media pendidikan kang apik, kabeh bisa dilakoni kanthi peran, bisa dirancang manut skenario (Zaini, 2008:99). Adhedhasar pamanggih iku, metode bermain peran iki nduweni tujuan ningkatake kemampuan wicara ing wawancara siswa nggunakake basa krama alus, lumantar dolanan peran.

Saka peran kang dilakoni, ana nara sumber lan pewawancara, dikarepake siswa ngerti tata tutur unggah-ungguh penggunaan basa krama alus kang bener. Pemahaman siswa dientuki liwat proses sinau kang digayutake kanthi pengalaman kang diduweni siswa. Penerapan metode bermain peran dadi kagiyatan sinau kanggo siswa lan guru.

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Ngundhakake Kawasisan Wawan Rembug Basa Jawa kanthi Metode Bermain Peran marang Siswa Klas VIII A, SMPN 1 Pucanglaban, Tulungagung” iki kalebu panliten kang nggunakake rancangan penelitian tindakan kelas (PTK).

Bab iki selaras karo karakteristik underaning panliten lan tujuan kanggo meruhi aktivitas siswa lan guru sarta asil pasinaon siswa sajrone nulis Metode Bermain Peran. Panliten iki yaiku penelitian tindakan kelas (PTK). *PTK adalah suatu bentuk kajian yang bersifat reflektif oleh pelaku tindakan, untuk meningkatkan kemantapan rasional dari tindakan mereka dalam melaksanakan tugas, memperdalam pemahaman mereka terhadap tindakan-tindakan yang dilakukan serta memperbaiki praktek-praktek pembelajaran yang dilaksanakan* (<http://Karwono.wordpress.com/2008/02/27/artikel-penelitian-tindakan-kelas-classroom-action-research>). “PTK yaiku ngenani wujud kajian sing sifate reflektif saka wong sing nindakake, kanggo ningkatake kemantapan rasional saka kagiyatan deweke sakjroning nglakoni tugas,

nyinaoni pangerten deweke marang tumindak dijupuk tumindak lan nambah laku-laku wulangan kang digunakake “.

Sumber dhata

Sumber dhata sajroning panliten iki diolehi saka: (1) implementasi metode “bermain peran” kang ditindakake dening guru lan siswa kanggo meruhi , lan (2) observasi keefektifan metode bermain peran sajrone wawan rembug kang dideleng saka asil praktek siswa lan keaktifan lan keaktifan siswa lan guru.

Dhata panliten

Dhata kang diolehi saka panliten pangembangan iki, yaiku asil observasi keaktifan guru lan siswa kang arupa lembar observasi, lan asil piwulangan siswa.

Tata cara Nglumpukake Dhata

Anggone nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake rong tata cara, yaiku tata cara tes lan tata cara observasi. Saka asil kaloro tata cara kasebut bakal diolehake dhata kang mengkone banjur dianalisis kanggo meruhi asil saka panliten. Ing perangan iki mung bakal diandharake ngenani tata carae wae.

Tata Cara Tes

Tes yaiku pitakonan-pitakonan utawa gladhen sarta piranti liyane kang digunakake kanggo ngukur kawasisan, kawruh, kawasisan utawa bakat kang diduweni dening individu utawa klompok (Arikunto, 2006:150). Tes nduweni guna yaiku kanggo meruhi lan nemtokake predikat sawijine pawongan (Sugiyono, 2010:171). Sajrone panliten iki, nggunakake tes kanthi jinis *pre-test lan post-test*. *Pre-test* yaiku tes kang diwenehake marang siswa sadurunge proses pamulangan diwiwiti, dene *post-test* yaiku tes kang ditindakake sawise proses pamulangan dipungkasi (Sudjana, 2009:117). Sajrone panliten iki, *pre-test* ditindakake sadurunge pasinaon wawan rembug diwiwiti, dene *post-test* ditindake ing pungkasan pasinaon wawan rembug. Tes kang ditindakake arupa praktek.

Tata cara Observasi

Observasi yaiku migatekake samubarang kanthi nggunakake mata. Arikunto (2010:199) ngandharake yen observasi nyakup kegiatan nggatekake marang sawijine objek kanthi nggunakake sakabehe alat indra. Saka segi instrumen kang digunakake, observasi dipérang dadi loro, yaiku observasi mawa struktur lan observasi tanpa terstruktur. Observasi mawa struktur yaiku observasi kang wis dirancang kanthi sistematis ngenani apa

kang diobservasi, kapan lan ing ngendi panggonane. Observasi tanpa struktur yaiku observasi kang ora disiyapake kanthi sistematis ngenani apa kang diobservasi. Ing panliten iki nggunakake observasi mawa struktur amarga panliten iki wis ngrancang kanthi sistematis ngenani apa kang diamati. Observasi kang ditindakake ing panliten iki yaiku observasi tumrap proses pasinaon. Observer sajrone panliten iki yaiku guru basa Jawa SMPN 1 Pucanglaban, Tulungagung. Observasi proses pasinaon ing kene ditindakake kanggo ngamati proses kang pasinaon kang ditindakake siswa lan aktifitas siswa. Saliyane iku uga ana observer liyane yaiku teman sejawat kang ngamati aktifitas guru sajrone nindakake pasinaon.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Adhedhasar underaning panliten iki, ing kene bakal diandharake 1) aktivitas siswa, 2) aktivitas guru, lan 3) asil pasinaon siswa. Katelu bab kasebut dijlentrehake siji mbaka siji, ing sajrone proses nindakake panliten miturut prosedur penelitian tindakan kelas (PTK).

Asil Panliten

Asil Panliten mujudake paparan saka data panliten kang kaperang saka katrampilan siswa, aktivitas guru, lan katrampilan wawanrembug basa Jawa tumrap siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban. Panliten iki ditindakake kanthi rong siklus, lan saben siklus katindakake sapertemuan. Siklus kapisan pamulangan ditindakake kanthi cara konvensional dene siklus 2 pamulangan ditindakake kanthi nggunakake metode *bermain peran* sajrone kawasisan wawan rembug basa Jawa.

Andharan Asil Dhata ing Siklus I

Ing siklus iki ditindakake ing dina Senin tanggal 28 Agustus 2015, lan ditindakake suwene rong jam piwulangan jam 07.00 – 08.20 kanthi cacah siswa 34, kang kaperang saka 16 siswa lanang lan 18 siswa wadon. Panliten ditindakake miturut prosedur kang ana, yaiku 4 tahapan, diwiwiti saka ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi. Ing kene panliti minangka guru lan proses pamulangane adhedhasar RPP kang disedyakake.

Tahap Ngrancang Pamulangan

Sajrone tahap iki panliti nyiyapake apa-apa kang dibutuhake sajrone pamulangan, ing anatarane, yaiku materi Lembar Kerja Siswa (LKS), lembar observasi, lan lembar penilaian

kang ana sajrone RPP. Saliyane iku, panliti uga kudu nyiyapake teknik utawa metode kang digunakake sajrone pamulangan ing siklus 1 iki, yaiku pamulangan kang ditindakake kaya padatan.

Tahap Nindakake Pamulangan

Ing proses pamulangan iki ditindakake miturut RPP kang wis disiyapake, yaiku RPP kang tanpa nggunakake metode *bermain peran*. Kaya salumrahe, ing RPP iki ana 3 tahap kagiyatan, yaiku pambuka, inti, lan panutup. Ing proses pamulangan iki guru nggunakake cara pamulangan konvensional.

Observasi

Observasi yaiku kagiyatan kanggo ngamati sawijining objek, lan minangka salah sijine tahapan kang kudu ditindakake sajrone PTK. Ing tahap iki observer ngamati aktivitas siswa lan guru nalika proses pamulangan siklus 1 ditindakake. Observasi ditindakake adhedhasar lembar observasi kang wis sumadiya ing RPP. Asil saka observasi kasebut diandharake ing ngisor iki.

Asil observasi kasebut nuduhake manawa aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus 1 ana kang kurang lan cukup. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 57,5% kalebu ing kategori "kurang banget", yaiku ing rentang 50%- 59%. Bab iki dibuktekake saka anane pambiji 2 kanthi kriteria "kurang" cacah 2 poin, yaiku 1) takon lan medharake pamawas, lan 2) siswa menehi umpan balik. Ing kene bisa diarani yen rong poin kasebut minangka alangan sajrone siklus 1.

Sajrone takon lan medhar pamawas ing kene observer menehi pambiji 2, kang kalebu kurang. Ing siklus iki siswa pancen pasif amung nampa saka apa kang diandharake dening guru. Nalika diwenahi wektu kanggo takon ora ana siswa kang gelem takon. Sabanjure yaiku ngenani umpan balik kang amung oleh pambiji saka observer kanthi skor 2. Kaya apa kang wis diandharake ing sadurunge, yen siswa luwih akeh pasif, saengga ora bisa menehi umpan balik kaya apa kang dikarepake.

Saliyane iku, ana 5 poin kang nduweni pambiji cukup kanthi skor 3, yaiku 1) Kasiyapan siswa sajrone pamulangan; 2) Ngrungokake andharan saka guru; 3) Nggatekake lan nindakake instruksi saka guru kanthi becik; 4) Motivasi kanggo sinau; lan 5) Nggarap tugas individu kanthi mandhiri. Ngenani kasiyapane siswa sajrone proses

pamulangan, ing kene observer menehi skor 3, amarga nalika proses pamulangan lumaku ana saperangan siswa kang ketara ora siyap, dibuktekake saka ana kang ora nyiyapake buku. Nalika guru ngandharake materi, uga ana siswa kang rame dhewe lan ora nggatekne, mula observer menehi skor 3, kanggo poin ngrungokake andharan guru. Sabanjure ngenani poin nggatekake lan nindakake instruksi guru dening observer diwenahi skor 3, amarga saperangan siswa ora nindakake apa kang diinstruksikake dening guru. Tuladhane nalika diutus kanggo nggrapa soal latihan, ana siswa kang ora nggarap, dalasan mbuka buku wae ora. Bab iku mau uga gegayutan karo motivasi sinaune siswa. Kanthi indikator kaya mangkono mau nandhani yen motivasi sinaune siswa endhek, mula observer menehi pambiji 3. Ngenani poin nggarap tugas individu kanthi mandhiri, observer menehi skor pambiji 3, amarga ana siswa kang nggarap tugas mandhiri kanthi bebarengan.

Kang pungkasan kang oleh skor 4, yaiku poin nyathet informasi saka andharan guru. Ngenani bab iki pancen siswa cukup aktif nyathet apa kang diandharake dening guru, mula observer uga menehi skor 4.

Siklus 2

Beda karo siklus sadurunge, siklus 2 iki ditindakake kanthi nggunakake metode *bermain peran*. Kagiatan pamulangan ing siklus 2 iki ditindakake tanggal 08 September 2015 ing kelas VIII A SMP Negeri 1 Pucanglaban, jam 07.00 – 08.20 kanthi cacah siswa 34, kang kaperang saka 16 siswa lanang lan 18 siswa wadon. Ing kene uga ditindakake kanthi 4 tahap, yaiku (1) ngrancang pamulangan, (2) nindakake pamulangan, (3) observasi, lan (4) refleksi. Kanggo luwih jangkepe tahap-tahap kasebut diandharake ing sabanjure.

Tahap Ngrancang Pamulangan

Ing tahap iki ora beda adoh karo tahap sadurunge, luwih dhisik panaliti nyiyapake prangkat kang digunakake ing pamulangan. Prangkat kasebut yaiku, nyiyapake media, RPP kanthi nggunakake media kang dijangkepi karo materi, Lembar Kerja Siswa (LKS), lembar observasi, lan Lembar Penilaian (LP).

Tahap Nindakake Pamulangan

Panliten ditindakake kanthi 1 patemon, yaiku 2 x 40 menit. Ing kene panaliti minangka guru lan proses pamulangan

ditindakake adhedhasar RPP kang disediyakake. Ing kagiyatan pamulangan iki siswa diajak ing njaba kelas supaya ora ngganggu kelas liyane, amarga ing proses pamulangan iki siswa kadhangkala rame.

Observasi

Sajrone panliten iki uga ditindakake observasi dening observer. Observasi kang ditindakake yaiku observasi aktivitas siswa lan observasi aktivitas guru. Instrumen observasi kang digunakake ing siklus 2 iki padha karo kang digunakake ing siklus 1. Kanggo luwih jangkepe ngenani asil observasi iki diandharake ing ngisor iki.

Refleksi

Saka panliten ing siklus 2 iki senajan wis bisa diarani kasil kanthi anane undhak-undhakan, nanging tetep ana kakurangan lan kaluwihan kang ditemoni sajrone proses panliten. Kaluwihan lan kakurangan sajrone siklus 2 iki diandharake ing kene, senajan ora bakal ana tindak lanjut nanging bisa didadekake minangka pamrayoga tumrap panliten sabanjure.

Kaluwihan kang ana ing siklus iki yaiku anane media kang bisa mrantasi kendala kang ana ing sadurunge. Kaluwihane antarane yaiku:

- (1) Kanthi siswa diajak nindakake metode *bermain peran*, siswa ngrasakake terjun langsung lan meranake sawijine tokoh ndadekake rasa tanggungjawab siswa luwih gedhe saengga siswa ngupaya kanthi optimal.
- (2) Pamulangan wawancara kanthi nggunakake metode *bermain peran* bisa nuwuhake undhak-undhakan sajrone aktivitas guru lan siswa.
- (3) Pamulangan kanthi nggunakake media iki bisa ndadekake swasana lan kahanan pamulangan luwih nyenengake saengga bisa narik kawigaten siswa marang pamulangan iki. Saliyane iku, kahanan kelas uga luwih bisa dikontrol dening guru.
- (4) Kanthi anane media iki sajrone pamulangan, keaktifan lan kawasisan siswa bisa mundhak.

Saka kaluwihan kasebut, uga ana kakurangan sajrone panliten ing siklus iki, yaiku apa kang dirasa kurang trep lan dadi kendala sajrone panliten lan prelu anane tindak lanjut. Siklus iki wis bisa diarani kasil, mula kakurangan ing kene ora kudu ditindak lanjuti menyang siklus sabanjure. Kagiyatan panliten cukup tekan siklus 2 wae. Kakurangan ing

siklus iki bisa digunakake kanggo tindak lanjut kanggo panliten sabanjure. Kakurangan ing siklus iki yaiku:

- (1) Alokasi wektu yen amung sapatemon kurang saengga siswa ora bisa nindakake wawancara kabeh.
- (2) Siswa sajrone menehi pambiji tumrap kancane durung bisa objektif.
- (3) Pamilihan panggonan kanggo proses pamulangan perlu digatekake amarga kadhangkala bisa ngganggu kelas liyane.

Kagiyatan pamulangan wawancara kang ditindakake kanthi nggunakake metode *bermain peran*, pranyata bisa ngundhakake kawasisan wicara siswa ing babagan unggah-ungguh basa. Metode iki bisa nyuguhake kahanan pamulangan kang beda saka sadurunge. Ing kene siswa bisa luwih aktif lan semangat kanggo melu pasinaon. Bab kasebut dituduhake saka asil pasinaon lan aktivitas siswa kang ngalami undhak-undhakan.

Andharan

Panliten kang ditindakake kanthi migunakake metode *bermain peran* minangka upaya kanggo ngundhakake kawasisane siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban sajrone wawancara basa Jawa. Panliten iki kaperang saka rong siklus, ing ngendi saben-saben siklus dumadi saka patang tindakan antarane tahap ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi.

Anane metode pamulangan *bermain peran* kang dipilih diajab bisaa ngundhakake kawasisane siswa sajrone nindakake wawancara basa Jawa. Andharan ing panliten iki antarane andharan ngenani owah-owahan aktivitas siswa lan guru, sarta asil biji siswa sajrone proses pamulangan wawancara basa Jawa kanthi metode *bermain peran*.

Undhak-undhakan aktivitas siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban sajrone wawancara basa Jawa kanthi metode *bermain peran*

Andharan asiling observasi dilandhesake adhedhasar kagiyatan panliten lumaku. Ing panliten iki katindakake rong siklus, yaiku siklus I tanpa diwenahi tindakan, lan siklus II nalika diwenahi tindakan kanthi metode *bermain peran*.

Observasi ing aktivitas siswa nuduhake owah-owahan kang luwih apik. Sawise diwenahi tindakan arupa metode *bermain peran* siswa luwih siyap kanggo nampa pamulangan.

Kajaba iku uga ngundhakake motivasi siswa sebab guru menehi patuladhan lumantar video pemodelan lan ngejak siswa kanggo meranake peran kang wis dipilih. Aktivitas siswa kang sadurunge ginayuh 57,5% utawa kriteria kurang bisa mundhak dadi 75%. Pikolehan kasebut kalebu kategori cukup jalaran 75% ana ing rentang 70%-79% yaiku cukup.

Asil ing analisis observasi ing siklus I nuduhake, jumlah skor kang kagayuh yaiku 23, rata-rata skore nggayuh 2,87. Prosentase katuntasan kasil nggayuh 57,5% utawa bisa diarani kategori kurang banget.

Asiling analisis observasi ing siklus II nuduhake, jumlah skor kang kagayuh yaiku 30, rata-rata skore nggayuh 3,75. Prosentase katuntasan kasil nggayuh 75% utawa bisa diarani kategori cukup.

Undhak-undhakan aktivitas guru (ing kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban sajrone wawancara basa Jawa kanthi metode *bermain peran*)

Andharan iki diolehake adhedhasar asiling observasi dilandhesake adhedhasar kagiyatan panliten lumaku. Ing panliten iki katindakake rong siklus, yaiku siklus I tanpa diwenahi tindakan, lan siklus II nalika diwenahi tindakan kanthi metode *bermain peran*.

Observasi ing aktivitas guru iki uga nuduhake anane owah-owahan kang tumuju menyang kriteria luwih apik. Aktivitas guru ing siklus 1 nggayuh prosentase 65% utawa kriteria kurang, kang banjur mundhak ing siklus 2 dadi 86,7%. Pikolehan kasebut kalebu kategori apik ana ing rentang 80%-89% yaiku kriteria apik.

Asiling analisis observasi ing siklus I nuduhake, jumlah skor kang kagayuh yaiku 39, rata-rata skore nggayuh 3,25. Prosentase katuntasan kasil nggayuh 65% utawa bisa diarani kategori kurang. Sabanjure, asil analisis observasi ing siklus II nuduhake, jumlah skor kang kagayuh yaiku 52, kanthi rata-rata skore nggayuh 4,3. Prosentase katuntasan kasil nggayuh 86,7% utawa bisa diarani kategori apik.

Undhak-undhakan bijine siswa (kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban sajrone wawancara basa Jawa kanthi metode *bermain peran*)

Adhedhasar asil tes siswa sajrone pamulangan wawancara basa Jawa kang ditindakake ing kelas VIII A nuduhake yen ana undhak-undhakan ing saben siklus. Ing siklus I, asil tes wawancara basa Jawa siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban nggayuh rata-rata biji 69,94. Cacahe siswa sing tuntas KKM ana 18, dene sing durung tuntas ana 16 siswa. Adhedhasar cacahe siswa sing bisa tuntas mula ketuntasan klasikal kang digayuh ing siklus I yaiku 52,9%. Asil kasebut isih adoh saka prosentase kang wis dipatok sadurunge yaiku kudu bisa nggayuh 75%. Adhedhasar kahanan kasebut mula perlu anane tindakan supaya bisa ngasilake biji luwih apik lan ngundhakake ketuntasan klasikal. Kanggo mrantasi perkara iki dipilih metode *bermain peran* sajrone wawancara basa Jawa.

Asiling tes ing siklus II luwih apik tinimbang sadurunge. Sawise diwenahi metode *bermain peran* ing siklus II, cacahing siswa kang tuntas yaiku 28, dene siswa kang durung tuntas yaiku 6 siswa. Rata-rata biji uga mundhak saka 69,94 dadi 80,5. Ketuntasan klasikal ing siklus iki dadi 82%. Asil saka panliten iki bisa dai indikator yen pamilihe metode sajrone panliten iki bisa ngundhakake kawasisan siswa sajrone wawancara basa Jawa. kanggo luwih cethane bisa dideleng ing tabel lan grafik ing ngisor iki.

PANUTUP

Ing bab iki diandharake dudutan saka asil panliten iki lan pamrayoga kang dibutuhake kanggo tindak lanjut sabanjure.

Dudutan

Saka asil analisis data lan pambiji kang wis diandharake ing bab IV bisa didudut yen pamilihane metode *bermain peran* bisa ngundhakake kawasisan wawancara basa Jawa. Salaras karo underan panliten, dudutan luwih jangepe yaiku:

- 1) Aktivitas siswa sajrone pamulangan wawancara basa Jawa siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban nuduhake anane undhak-undhakan sawise ditindakake metode *bermain peran*. Bab iki dituduhake saka asil observasi aktivitas siswa ing saben sikluse. Ing siklus 1 prosentase kang diolehake 57,5%, kang kalebu kriteria kurang banget yaiku ing rentang 50%-59%. Kriteria kasebut isih adoh saka pangajab, kanthi bab iki mula panaliti nindakake revisi kanthi nggunakake metode *bermain peran* ing siklus 2.

Sawise ditindakake metode *bermain peran* aktivitassiswa ing siklus 2 iki nuduhake undhak-undhakan, yaiku kanti prosentase 75%, kang kalebu kriteria cukup.

- 2) Salaras karo mundhake aktivitas siswa, ing observasi aktivitas guru uga ngalami undhak-undhakan. Bab iki dituduhake saka asil observasi ing saben sikluse. Ing siklus 1 pamulangan ditindakake kanthi konvensional ngolehake pambiji 65% kang kalebu kriteria kurang. Kanthi asil kang diolehake ing siklus 1 kasebut mula dibutuhake anane owah-owahan ing siklus sabanjure. Ing siklus 2 guru nindakake pamulangan kanthi metode *bermain peran* sajrone pamulangan wawancara basa Jawa kang ditindakake miturut RPP kang wis disiyapake. Ing siklus iki, observer menahi pambiji tumrape aktivitas guru yaiku 86,7%, kang kalebu kriteria apik.
- 3) Cundhuk karo aktivitas guru lan siswa kang nuduhake undhak-undhakan, kawasisan siswa sajrone wawancara basa Jawa uga ngalami undhak-undhakan. Bab iki dibuktekake saka biji rata-rata lan katuntasan klasikal ing saben sikluse. Kawasisan siswa sajrone wawancara basa Jawa nuduhake anane undhak-undhakan sawise ditindakake metode *bermain peran*. Bab iki kabukti saka asil tes ing saben sikluse. Ing siklus 1 siswa durung bisa nggayuh KKM kang ditemtokake. Ing kene siswa amung ngolehake biji rata-rata gunggung 69,94, kamangka KKM-e 75, lan katuntasan kalsikale amung 52,9% kang kudune 75%. Kanthi asil kasebut, mula ditindakake owah-owahan pamulangan sajrone siklus 2. Ing siklus 2 pamulangan ditindakake kanthi migunakake metode *bermain peran* kang ngajak siswa kanggo nindakake lan njlimeti dhewe kanthi langsung. Ing siklus iki siswa ngolehake biji rata-rata 80,5 lan katuntasan klasikal 82%. Asil kang diolehake kasebut wis busa nggayuh KKM lan katuntasan klasikal kang wis ditemtokake dening sekolah. Adhedhasar asil kang diolehake kasebut siswa siswa wis bisa nggayuh tujuwan sajrone pamulangan kasebut.

Kanthi asil asil rekapitulasi aktivitas siswa lan guru, sarta asil sinau siswa kasebut nuduhake yen ing saben kriteria ditemokake undhak-undhakan. Kanthi undhak-undhakan kang dialami kasebut bisa didadekake indikator yen *metodebermain peran* efektif digunakake kanggo pamulangan wawancara basa Jawa. Bab kasebut cundhuk karo hipotesis panliten kang

ngandharake yen metode *bermain peran* bisa ngundhakake kawasisan wawancara basa Jawa tumrap siswa kelas VIII A SMPN 1 Pucanglaban.

Pamrayoga

Adhedhasar asil panaliten iki, diajab ana tumindak kang ditindakake kanggo pangembangan media kang orientasine siswa dening panaliti liyane kanthi materi lan kawasisan kang beda. Kanggo calon guru lan calon panaliti supaya bisa luwih kreatif lan inovatif sajrone nemokake terobosan anyar kang bisa mrantasi lan menahi solusi tumrap masalah kang ana sajrone proses pamulangan. Saliyane iku, kanggo para guru kudu bisa luwih kreatif lan inovatif sajrone nindakake pamulangan supaya bisa nari kawigaten siswa lan bisa ngundhakake kawasisan siswa.

KAPUSTAKAN

Aqib, Zainal. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas untuk Guru SD, SLB, dan TK*. Bandung: CV Yrama Widya

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

_____. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Brown, H. Douglas. 2000. *Principle of Language Learning and Teaching. 4 Edition*. New York: The Free Press

Hamdani. 2011. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung: CV Pustaka Setia

Maidar, Arsjad, G. dan Mukti. 1991. *Pembinaan Kemampuan Berbicara Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga

Mulyati, dkk. 2008. *Ketrampilan Berbahasa Indonesia SD*. Jakarta: Universitas Terbuka

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BPFE

Poerwadarminto, WJS. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff-Kolff

Rofi'uddin, Ahmad & Zuhdi, Darmiyati. 1998. *Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia di Kelas Tinggi*. Depdikbud

Rohmadi. 2011. *Semantik, Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka

Sasangka, Wisnu. 2005. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua

Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D)*. Bandung: Alfabeta

- Sudijono, Anas. 2007. *Pengantar Statistik Pendidikan*. Jakarta: PT Grafindo Persada
- Sudjana, Nana. 2005. *Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Algensindo
- Sumantri, Mulyani, dkk. 1999. *Strategi Belajar Mengajar*. Depdikbud, Dirjen
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Strategi Pengajaran dan Pembelajaran Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- _____. 2008. *Berbicara*. Bandung : Angkasa Suryana
- Trianto. 2010. *Mendesain Model Pembelajaran Inovatif-Progresif*. Jakarta:Kencana
- Zaini, Hisyam, dkk. 2008. *Strategi Pembelajaran Aktif*. Yogyakarta:Insan Madani
- Kapustakan

web:http://googleweblight.com/?lite_url=http://ruangbacabajang.blogspot.com/2013/05/pengertian-dan-tata-cara-wawancara.html)
http://googleweblight.com/?lite_url=http://tian99win.blogspot.com/2012/08/faktor-penunjang-keefektifan.ht

